# CHIRONGWA CHERUPONESO



## CHIRONGWA CHERUPONESO CHII?

Chirongwa cheruponeso* chirongwa chaMwari cherufaro rwevana Vavo. Chakamiswapa Rudzikinuro rwaJesu Kristu. Kana uchizotevera dzidziso dzaJesu Kristu, unozowana runyararo rwemukati rwusingaperi muupenyu huno nerufaro rwusingaperi mushure merufu.

Apo paunodzidza pamusoro pechirongwa cheruponeso, unozowana mhinduro kumibvunzo iyi: "Ndakabva kupi?" "Chinangwa changu ndecheyi muupenyu ?" "Ndinozoenda kupi mushure meupenyu huno?"

## "NDAKABVA KUPI?"

Upenyu hwako hahuna kutanga pakuzvarwa, uye hauzogumi parufu. Wakasikwa nemuviri wemweya (dzimwenguva unonzi mweya mupenyu) nemuviri wenyama. Baba Vekudenga vakasika mweya wako, uye waigara Navo semweya usati wazvarwa panyika. WaiVaziva nokuVada, uye Ivo Vaikuziva nokukuda. Nguva iyi inodaidzwa kuti upenyu tisati tazvarwa panyika.

> *"Chirongwa che [ruponeso]. . . chagadzirwa kubvira mukutanga kwenyika, nemunaKristu, kumunhu wose uyo anotenda muzita rake."*
>
> **Aruma 22:13**

Muupenyu hwako hwese usati wazvarwa panyika, wakadzidziswa misimboti nemirairo yaizotungamirira kurufaro. Wakakura muuchenjeri uye ukadzidza kuda chokwadi. Wakadzidziswa pamusoro pechirongwa cheruponeso. Munguva iyi yeupenyu usati wazvarwa panyika, Jesu Kristu akasarudzwa seMuponesi; wakadzidza kuti kuburikidza Naye waizokwanisa kukunda mhedzisiro dzesarudzo dzako dzisina kurufanira.

*Mazwi akanyorwa nezvitsvuku akatsanangurwa papeji 18 nepeji 19.

***Mhuri yakakosha zvikuru kuchirongwa chaBaba Vekudenga.***




3

Chikamu chinokosha chechirongwa chaMwari chakanga chiri chekuti iwe uuye panyika kuti ugashire muviri wenyama nekuti udzidze kuita sarudzo kwadzo. Hawaizoyeuka kugara kwawakaita pamberi paBaba Vekudenga, asi Vaizokupa kwaniso yekuziva chakafanira kubva kune chisina kufanira. Waizokwanisa kuziva rudo Rwavo nechokwadi Chavo. Kuburikidza nezvaunosangana nazvo nezviedzo zvako, waizokwanisa kudzidza kuita sarudzo dzakafanira nguva dzose. Nerubatsiro rwaJesu Kristu, waizokwanisa kudzokera kunogara naBaba Vekudenga apo upenyu hwako hwepasi pahunenge hwapera.

*Kunyange zvazvo ndangariro yezvazvo yakabviswa, usati wauya panyika pano waigara pamberi paMwari, Baba vako Vekusingaperi, neMwanakomana Wavo, Jesu Kristu. Wakapururudza nerufaro apo pawakapiwa mukana wekuuya panyika pano kuti ugashire muviri uye kuti utevere chirongwa chaMwari cherufaro rwako.*

Muupenyu usati wazvarwa panyika, wakadzidza kuti chete nekusarudza kutevera chirongwa chaMwari waizokwanisa kugashira runyararo nekugutsikana kusingagumi muupenyu huno nekusingaperi. Nokuti Vanokuda, Baba Vekudenga vakakupa rusununguko rwekuzvisarudzira, kana kuti simba rekuita sarudzo. Vakakubvumira kuti usarudze kana uchizotevera chirongwa Chavo naIshe Jesu Kristu.

Satani, mumwe wevana vemweya vaMwari, akapandukira Baba Vekudenga uye haana kubvuma chirongwa Chavo. Aida kutimanikidza tose kuti tiite kuda kwake. Zvinosuwisa ndezvekuti, vazhinji vevana vaBaba Vekudenga vakasarudza kutevera Satani. Satani nevateveri vake vakadzingwa kubva pamberi paMwari uye havana kubvumirwa kuzvarwa panyika. Vachiri kungorarama semweya. Vakasuwa, uye vanoda kuti iwe usuwe.

*Mazwi akanyorwa nezvitsvuku akatsanangurwa papeji 18 nepeji 19.

***Tine zvizhinji zvekudzidza nekusangana nazvo munguva yeupenyu huno.***

Vanokuedza nevana vose vaMwari kuti muite zvinhu zvinounza kusafara uye zvisingafadze Mwari.

Muupenyu usati wazvarwa panyika, wakasarudza kuva nerutendo munaJesu Kristu nokutevera chirongwa chaMwari. Nokuda kwesarudzo dzako, wakazvarwa panyika. Chete nekusarudza kuva nerutendo muna Jesu Kristu nekutevera chirongwa chaMwari ndipo paunokwanisa kuwana runyararo muupenyu huno uye ugokwanisa kudzokera kunogara naBaba Vekudenga mushure mekunge upenyu huno hwapera.

## CHINANGWA CHANGU NDECHEYI MUUPENYU?

### Kusikwa neKupunzika

Nyika yakasikwa senzvimbo yekuti vana vaBaba Vekudenga vagare uye vawane ruzivo. Adama naEvha ndivo vekutanga vevana vaMwari kuuya panyika. Vakagara munzvimbo yainzi Bindu reEdeni, Umo mavakanga vachiri pamberi paMwari.

Baba Vekudenga vakapa Adama naEvha rusununguko rwekuzvisarudzira, kana kuti rusununguko rwekusarudza. Vakavaraira kuti vasadye muchero wemuti weruzivo rwechakanaka nechakaipa. Kuteerera murairo uyu kwaireva kuti vaizokwanisa kuramba vari mubindu, asi vakanga vasingazokwanisa kufambira mberi nekudzidza kubva paruzivo rwavaiwana nepazvinetso, Satani akakwezva Adama naEvha kuti vadye muchero wairambidzwa, uye vakasarudza kudya. Ichi chakanga chiri chikamu chechirongwa chaMwari. Nokuda kwesarudzo yavo, vakaparadzaniswa kubva pamberi paMwari panyama nepamweya. Vakava vanhu venyama inofa, kureva kuti, vaizova vanosangana nechivi nerufu. Vakanga vasingakwanise kudzokera kwaVari vasina rubatsiro Rwavo. Kuparadzana kwavo kwenyama nekwemweya kubva panaMwari kunonzi Kupunzika.

*Mazwi akanyorwa nezvitsvuku akatsanangurwa papeji 18 nepeji 19.

*"Dai Adama asina kutadza angadai asina kupunzika, asi angadai akaramba arimubindu reEdeni. . . .*

*"Uye [Adama naEvha] vangadai vasina kubereka vana; nokudaro vangadai vakaramba vari mumamiriro ekusaziva, vasina rufaro, nokuti vainge vasingazive rusuwo; vasingaite zvakanaka, nokuti vainge vasingazive chivi.*

*"Asi tarisai, zvose zvinhu zvakaitwa muungwaru hwaiye anoziva zvose zvinhu.*

*"Adama akapunzika kuti vanhu vavepo; uye vanhu varipo, kuti vave norufaro."*

**2 Nifai 2:22–25**



BabaVekudenga vakatuma ngirozi neMweya Mutsvene kuzodzidzisa Adama naEvha chirongwa cheruponeso. Chakakosha zvikuru kuchirongwa ichi Rudzikinuro rwaJesu Kristu, urwo rwunokwanisa vana vaMwari kuti vakunde mhedzisiro dzeKupunzika uye vagova nerufaro muupenyu huno nemukusingaperi.

> *"Ndiri mwana waMwari,*
> *Uye vakanditumira*
> *pano, Vakandipa musha*
> *wepanyika Nevabereki*
> *vane tsitsi nerudo.*
> *Nditungamirirei,*
> *ndiratidzei, fambai parutivi*
> *pangu, Ndibatsirei kuwana*
> *nzira. Ndidzidzisei*
> *zvose zvandinofanira*
> *kuita Kuti ndizogara*
> *navo rimwe zuva."*
>
> ***Hymns*, namba 301**

## Upenyu Hwako paNyika

Nokuda kweKupunzika wakaparadzaniswa naMwari panyama nepamweya. Kuparadzana uku chikamu chechirongwa chaMwari chevana Vavo. Chinangwa chako mukubva pamberi Pavo uchiuya kunyika chinosanganisira kuwana muviri, kuwana ruzivo, uye nekudzidza kuita sarudzo dzakafanira.

Zvikamu zvizhinji zveupenyu zvinounza rufaro, uye zvimwe zvinounza rusuwo. Zviitiko izvi zvinokubatsira kudzidza kusiyanisa pakati pechakanaka nechakaipa uye kuita sarudzo kwadzo. Mwari vanokukurudzira kuti uite zvakanaka nekuVatevera, asi Satani anokukwezva kuti usateerere Mwari uite chivi. (Chitadzo kusarudza uchiziva kuita zvisina kufanira kana kuti kusaita zvakafanira.) Apo paunosarudza kutevera Mwari nekuchengeta mirairo Yavo, unokura muungwaru nesimba rehunhu. Unokwanisa kunzwa rufaro kunyange munguva dzezviedzo, uye unokwanisa kutarisa zvinetso zveupenyu nemweya werunyararo.

Wakaita sarudzo dzakanaka dzakawanda muupenyu hwako, asi wakaitawo dzimwe sarudzo dzisina kufanira. Apo paunoita

*Tinofanira kunyatsofungisisa pamusoro pesarudzo dzedu.*

sarudzo dzisina kufanira uye uchiita chivi, unozviparadzanisa naMwari neimwe nzira. Magwaro matsvene anodaidza kuparadzana uku kuti rufu rwemweya. Pamusoro pekukuparadzanisa naMwari, chivi chinokonzerawo kunzwa mhosva nenyadzi. Haukwanise kukunda chivi nemhedzisiro yacho uri wega.

> *"Nokuti Mwari wakada nyika, nokudaro kuti wakapa mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti ani nani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi."*
>
> **Johane 3:5**

**Rudzikinuro rwaJesu Kristu**

Nokuti Baba Vekudenga vanokuda, Vakatumira Mwanakomana Wavo, Jesu Kristu, kuti aripire zvivi zvako. Muripo uyu chikamu cheRudzikinuro rwaJesu Kristu. Jesu Kristu, nekuda, akatambudzikira zvivi, marwadzo, hurwere, nerusuwo rwako. Kuburikidza nenyasha netsitsi Dzake, Vanokwanisa kukubatsira muzviedzo zvako uye vokubvisa kunzwa mhosva nenyadzi zvinokonzerwa nezvivi zvako.

Mukuripira zvivi zvako, Jesu haana kubvisa rusununguko rwekuzvisarudzira rwako kana daviriro yako pachako— Haazokuchenesa kana zvisingawirirane nechido chako. Kuti ugashire rubatsiro nesimba Rake, unofanira kushandisa rutendo maAri, wotendeuka, wobhabhatidzwa, wogashira Mweya Mutsvene, uye wosarudza kutevera dzidziso Dzake kweuupenyu hwako hwose. Apo paunovimba neRudzikinuro, unozonzwa rudo rwaMwari, uye Vanozokubatsira kushingirira pazviyedzo zvako. Unozonzwa rufaro, runyararo, nenyaradzo. Zvose zvinoratidzika kuva sezvisina ruenzaniso muupenyu zvinokwanisa kuenzaniswa kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu netsitsi nerudo rwaBaba Vekudenga. Rudzikinuro ndicho chinhu chinokosha zvikuru muchirongwa cheruponeso.

*Mazwi akanyorwa nezvitsvuku akatsanangurwa papeji 18 nepeji 19.

***Muponesi akatambudzikira zvivi zvedu muBindu reGetsemani***



*Parufu mweya wako unosiya muviri wako woenda kunyika yemweya, nzvimbo yegadziriro, kudzidza, nekuzorora kubva kumatambudziko nerusuwo.*

## Ndinozoenda Kupi Mushure Meupenyu Huno?

Kubva pamaonero nemafungiro epanyika, rufu rwenyama rungangoratidzika semagumo, asi chaizvo izvo mavambo, nhano yepamberi muchirongwa chaBaba Vekudenga. Parufu, mweya wako unozosiya muviri wako woenda kunyika yemweya inova nzvimbo yekudzidza negadziriro. Munyika yemweya, ndangariro dzako dzeupenyu huno dzinozoramba dziinewe.

Rufu haruzoshanduri hunhu hwako kana chido chako chechakanaka kana chakaipa. Kana ukasarudza kutevera Kristu munguva yeupenyu hwako panyika, unozova nerugare munyika yemweya uye unozozorora kubva kumatambudziko ako. Avo vanosarudza kusatevera Jesu Kristu uye vasingatendeuki vanozova vasingafari.

Baba Vekudenga vaiziva kuti vana Vavo vazhinji havaizombofa vakawana mukana wekudzidza pamusoro paJesu Kristu munguva yeupenyu hwavo uye kuti vamwe vaizosarudza kusaMutevera. Nokuti Vanoda vana Vavo, Mwari vakapa nzira kune avo vari munyika yemweya kuti vadzidze pamusoro pechirongwa Chavo,vave nerutendo munaJesu Kristu, uye vatendeuke. Avo vanotambira nekutevera Jesu Kristu vanozova nerunyararo nezororo.

### Kumuka Kuvakafa neKutongwa

Chimwe chezvipo zvikuru zvaMwari kune avo vose vanouya panyika kumuka kuvakafa uko kunoitwa kuti kukwanisike neRudzikinuro rwaJesu Kristu. Apo Jesu paakafa pamuchinjikwa, mweya Wake wakaenda kunyika yemweya. Mushure

* Mazwi akanyorwa nezvitsvuku akatsanangurwa papeji 18 nepeji 19.

***Muponesi akamutswa kuvakafa akazviratidza kuna Maria.***



memazuva matatu, Mweya wake wakabatanidzwa zvakare nemuviri Wake wakanga wabwinyiswa, waruramiswa uyo wakanga usisazokwanisa kufa. Kubatanazve uku kwemuviri nemweya kunonzi *kumuka kuvakafa*. Wese munhu anozvarwa panyika anozomutswa kuvakafa.

Mushure mekunge wamutswa kuvakafa, unozoenda pamberi paMwari kuti unotongwa maererano nemabasa ako nezvido zvemwoyo wako.

**Rudzikinuro rwaJesu Kristu runoita kuti ruponeso rukwanisike.**

**Upenyu Tisati Tazvarwa paNyika**

Kusika neKupunzika

**Upenyu hwePanyika**

Rutendo muna Jesu Kristu
Rutendeuko
Rubhabhatidzo
Chipo cheMweya Mutsvene
Shingirira kusvika kumagumo

Rufu rweNyama


**Mwero yeKubwinya**

Mushure mekunge watongwa, unozogara mumamiriro ekubwinya. Nokuti mabasa nezvido zvemunhu wese zvinosiyana, denga rine umambo hwakasiyana, kana kuti mwero yekubwinya.

**Umambo hweSeresitiyaro** Baba Vekudenga naJesu Kristu vanogara muumambo hweseresitiyaro. Kana ukararama maererano nevhangeri raJesu Kristu uye ukacheneswa kubva muchivi neRudzikinuro, unozogashira nzvimbo imomo, muumambo hwepamusoro-soro. Unozogara pamberi paMwari uye ugoziva rufaro rwakazara.

**Umambo hweTerestriya** Vanhu vanoramba kutambira vhangeri raJesu Kristu asi vachirarama upenyu hunerukudzo vanozogashira nzvimbo muumambo hweterestriya.

**Umambo hweTeresitiyaro** Avo vanoramba vari muzvivi zvavo uye vasingatendeuke vanozogashira nzvimbo muumambo hweTeresitiyaro.



## Chirongwa Ichi Chinorevei Kwandiri?

Apo paunonzwisisa kuti Mwari ndiBaba vako, kuti Vanokuda, uye kuti Vakaita kuti zvikwanisike kwauri kuti uwane ruzivo nenzwisiso pano uye ugova saIvo mushure meupenyu huno, unoziva kukosha kwesarudzo dzako munguva yeupenyu huno. Unonzwisisa kuti unofanira kutevera Jesu Kristu kuti ugashire maropafadzo akazara echirongwa chaBaba Vekudenga.

*Ndinonamata Sei?*

- *Taura kuna Baba vako Vekudenga*
- *Taura manzwiro emwoyo wako (kutenda, mibvunzo, zvikumbiro zvekusimbisa huchokwadi hweBhuku raMormoni uye hweizvo zvadzidziswa nevashumiri)*
- *Vhara ("Nemuzita raJesu Kristu, ameni").*

## Ndingaziva Sei?

Ruzivo rukuru rwechirongwa cheruponeso rwakauya nokuda kweKudzorerwa kwevhangeri raJesu Kristu kuburikidza neMuporofita Joseph Smith.

Unokwanisa kuzvizivira pachako kuti zvinhu izvi ndezve chokwadi nekubvunza Baba Vekudenga mumunamato. Vanozokupindura kuburikidza neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene unonziwo Mweya waMwari, uye rimwe rebasa Rawo kufakaza, kana kupupura, nezvechokwadi. Mweya Mutsvene unozarura nekusimbisa chokwadi kuburikidza nemanzwiro, pfungwa, nefemero. Manzwiro anobva kuMweya Mutsvene akasimba zvikuru, asi anowanzovawo akanyorova uye akanyarara. Sekudzidziswa kuri muBhaibheri, "Chibereko cheMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka, nounyoro, [uye] nokuzvidzora" (VaGaratia 5:22–23). Manzwiro aya isimbiso kubva kuMweya Mutsvene kuti shoko iri ichokwadi. Unozofanira zvino kusarudza kana uchizogara muruyanano nedzidziso dzaJesu Kristu sekudzorerwa kwadzakaitwa kuburikidza naJoseph Smith.

***Unokwanisa kuziva chokwadi kuburikidza nemunamato wechokwadi.***



# MUDORONGODZWA WEZVIREVO

**Chirongwa cheruponeso** Chirongwa chaBaba Vekudenga chekuti tikwanise kuva saIvo uye tigashire kuzara kwerufaro. Chirongwa ichi chakamiswa paRudzikinuro rwaJesu Kristu uye chinosanganisira yose mirairo, zvisungo, nedzidziso dzevhangeri.

**Chisungo** Chiito chinoera chepamutemo chinoitwa nemvumo yehupirisita. Mienzaniso inosanganisira rubhabhatidzo, kugashira Mweya Mutsvene, nesakaramende. Zvisungo zvinowanzova nzira yekupinda muzvibvumirano naMwari.

**Kumuka Kuvakafa** Mushure merufu rwenyama, kubatanazve kwemweya nemuviri wenyama nemapfupa wakaruramiswa. Jesu Kristu ndiye akava wekutanga kumustwa kuvakafa. Mushure mekumutswa kuvakafa, mweya nemuviri hazvizombofa zvakaparadzaniswa zvakare, uye munhu wacho anorarama nokusingaperi. Munhu wese akararama anozomutswa kuvakafa nokuda kweRudzikinuro.

**Kupunzika** Chiitiko chakaita kuti vanhu vave vanofa. Chakakonzera kuparadzana kwemweya nenyama kubva panaMwari. Nokuti Adama naEvha, vanhu vekutanga, havana kuteerera mirairo yaMwari, vakaparadzaniswa kubva pamberi paVo (kuparadzana uku kunodaidzwawo kuti rufu rweMweya) uye vakava vanofa (kuva vanosangana nerufu rwenyama). Sezvizvarwa zvaAdama naEvha, takaparadzaniswa kubva panaMwari uye tikava tinosangana nerufu rwenyama. Rudzikinuro rwaJesu Kristu rwunokunda zvese rufu rwenyama nerwemweya.

**Mweya** Nhengo yemunhu yaigara naBaba Vekudenga asati azvarwa. Munguva yeupenyu panyika, mweya unobatanidzwa nemuviri wenyama. Mweya unoramba uchirarama mushure merufu.

**Nyasha** Rubatsiro nesimba zvitsvene zvinopihwa kuburikidza netsitsi nerudo zvaJesu Kristu. Kuburikidza nenyasha Dzake, dzakaitwa kuti dzikwanisike neRudzikinuro Rwake, marudzi ose evanhu anozomutswa kuvakafa. Kuburikidza nenyasha Dzake, avo vanoramba vachitendeuka uye vachirarama maererano nevhangeri Rake vanozonzwa kuva padyo naBaba Vekudenga kusingagumi muupenyu huno uye vagogara pamberi pavo mushure meupenyu huno.

**Nyika yeMweya** Kunoenda mweya yedu pakati perufu nekumuka kuvakafa. Kune avo vakanga vakarurama munguva yeupenyu hwavo, nyika yemweya inozova nzvimbo yerunyararo nerufaro.

**Rudzikinuro** Chiitiko chinotikwanisa kuti tiyananiswe naMwari. Kudzikinura kutambudzikira chirango chechivi, naizvozvo kubvisa mhedzisiro dzechivi kubva kuvatadzi vanotendeuka. Jesu Kristu ndiye chete aikwanisa kuita Rudzikinuro rwakakwana rwemarudzi ose evanhu. Rudzikinuro Rwake rwaisanganisira kutambudzika Kwake kwezvivi zvedu, kudeurwa kweropa Rake, nerufu nekumuka kuvakafa Kwake. Nokuda kweRudzikinuro, munhu wose akararama anozomutswa kuvakafa. Rudzikinuro rwunotipawo nzira yekuti tiregererwe kuzvivi zvedu nekuti tigare nokusingaperi naMwari,

**Rufu rweMweya** Kuparadzana naMwari nokuda kwekusateerera mirairo Yavo. Tinoponeswa kubva kurufu rwemweya kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu apo patinotendeuka nekuchengeta mirairo Yake.

**Rufu rwenyama** Kuparadzana kwemweya kubva mumuviri unofa. Apo panenge muviri wenyama wafa, mweya unoramba uchirarama munyika yemweya. Tinokunda rufu rwenyama kuburikidza nekumuka kuvakafa, uko kwakaitwa kuti kukwanisike neRudzikinuro rwaJesu Kristu.

**Ruponeso** Rusunungurwo kubva kuchivi nerufu. Ruponeso runoitwa kuti rukwanisike neRudzikinuro rwaJesu Kristu. Kuburikidza neKumuka Kuvakafa kwaJesu Kristu, munhu wose anozokunda mhedzisiro dzerufu. Tinokwanisawo kuponeswa kubva kumhedzisiro dzechivi kuburikidza nerutendo munaJesu Kristu. Rutendo urwu runoratidzwa muupenyu hwerutendeuko nekuteerera kumitemo nezvisungo zvevhangeri nekushandira Kristu.

**Rusunguko rweKuzvisarudzira** Chipo kubva kuna Mwari chekusarudza pakati pechakanaka nechakaipa, pakati pechakafanira nechisina kufanira.

**Upenyu tisati tazvarwa panyika.** Upenyu hwedu tisati tazvarwa panyika pano. Muupenyu hwedu tasati tazvarwa panyika, taigara pamberi paBaba vedu Vekudenga sevana Vavo vemweya. Takanga tisina miviri yenyama.

## ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Mibvunzo nezvinyorwa zvitsvene zvinotevera zvinozokubatsira kudzidza zvimwe zvakawanda pamusoro pemisimboti iri muchibhuku chino nekufungisisa pamusoro pazvo. Mudorongodzwa wacho hawuna kuzara; zvinyorwa zvinotsanangura zvepazasi nemajerero zviri mumagwaro matsvene zvinozokuendesa kune dzimwe ndima nemamwe mabhuku.

**Hukama hwako naMwari hwakanga huri chii usati wazvarwa?**

Jeremia 1:5 (Bhaibheri, Testamente Yekare)
VaHeberu 12:9 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

**Kupunzika Chii? Sei Kwaiva Kwakafanira?**

2 Nifai 2:14–26 (Bhuku raMormoni, peji 71–73)
Aruma 42:2–9 (Bhuku raMormoni, peji 391–92)

**Chinangwa cheupenyu hwako pano ndechei? Ruzivo urwu rwunokwanisa kushandura sarudzo dzaunouita zuva rega rega sei?**

2 Nifai 2:25–27 (Bhuku raMormoni, peji 73)
Aruma 34:32 (Bhuku raMormoni, peji 371)

**Rudzikinuro Chii? Rwungakwanise kukubatsira sei muupenyu hwako hwemazuva ose?**

Johane 3:16–17 (Bhaibheri, Testamente Itsva)
VaRoma 3:23–25 (Bhaibheri, Testamente Itsva)
2 Nifai 2:6–8 (Bhuku raMormoni, peji 70)
Aruma 7:11–12 (Bhuku raMormoni, peji 284)
Aruma 42:22–23 (Bhuku raMormoni, peji 393)

**Nyika yemweya chii? Chii chinoitika ikoko?**

1 Petro 4:6 (Bhaibheri, Testamente Itsva)
Aruma 40:11–14 (Bhuku raMormoni, peji 387)

**Zvinorevei kumutswa kuvakafa? Ndiani anozomutswa kuvakafa? Sei kumuka kuvakafa kwakakosha?**

2 Nifai 9:13–15 (Bhuku raMormoni, peji 90–91)
Aruma 11:42–45 (Bhuku raMormoni, peji 296)

**Denga chii? Sei kuine mwero yekubwinya yakasiyana?**

1 VaKorinte 15:40–43 (Bhaibheri, Testamente Itsva)

# Namata Nesu

## Uya Uzoona Kuti Vhangeri Rakadzorerwa Rinokwanisa Kuropafadza Upenyu Hwako Sei



Musangano wesakaramende ndiwo musangano wekunamata mukuru. Unowanzotora nguva inopfuura zvishoma awa rimwechete uye kazhinji une zvinotevera:

*Nziyo dzeChechi:* Dzinoimbwa negungano. (Mabhuku enziyo dzinoimbwa muchechi anopihwamo)

*Minamato:* Inopihwa nenhengo dzemuChechi imomo.

*Sakaramende:* Chingwa nemvura zvinoropafadzwa uye zvopihwa kugungano mukuyeuka Rudzikinuro rwaJesu Kristu.

*Vatauri:* Kazhinji nhengo imwechete kana mbiri dzinenge dzakafanokumbirwa nechekare kuti dzitaure, dzinotaura pamusoro pemisoro yenyaya dzevhangeri.

*Zvipfeko:* Varume nevakomana kazhinji vanopfeka masutu kana mabhurukwa akanaka neshati netai. Madzimai nevasikana vanopfeka marokwe nemasiketi.

Zvipo zvinobviswa zvechechi hazvikumbirwe munguva dzemisangano yekunamata.

Tinokukokawo kuti upinde mimwe misangano inoitwa, maererano nezvido zvako nezera rako. Hurongwa nekuvapo kwemisangano iyi kungangosiyana.

*Chikoro cheSvondo:* Makirasi ekudzidza magwaro matsvene nedzidziso dzevhangeri.

*Misangano yehupirisita:* Makirasi evarume nevakomana vanemakore gumi nemaviri nekupfuura.

*Chita cheRubatsiro:* Makirasi emadzimai vanemakore gumi nemasere nekupfuura.

*Vasikana Vechidiki:* Makirasi evasikana vanemakore gumi nemaviri kusvika kugumi nemasere.

*Puraimari:* Musangano weboka nemakirasi evana vane makore matatu kusvika gumi nerimwechete. Kirasi yenesari yevana vanegore nemwedzi misere kusvika kumakore matatu kazhinji inenge iripo.




Nguva yemusangano wesakaramende:________________________

Adhiresi yeChechi:________________________________________

__________________________________________________________

__________________________________________________________




# *Chii Chandinofanira Kuita?*

- *Verenga Bhuku raMormoni.*
  *Zviverengo zvakapihwa:*________________
  ____________________________________
  __________________________________________________
  __________________________________________________
- *Namata kuti uzive kuti izvo zvadzidziswa nevashumiri ndezvechokwadi.*
- *Enda kuchechi.*
- *Gadzirira kuti ubhabhatidzwe musi wa*____________________
- *Enda ku www.mormon.org kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro pechirongwa chaBaba Vekudenga chevana Vavo.*
- *Ramba uchisangana nevashumiri kuti udzidze zvimwe zvakawanda pamusoro pezvokwadi zvakadzorerwa naMwari kuburikidza nevaporofita vemazuva ano.*

  *Dheti nenguva yekusangana kunotevera:*__________________

  *Mazita nenhamba dzerunhare dzevashumiri:*
  __________________________________________________
  __________________________________________________

CHECHI
YAJESU KRISTU
YAVATENDI
VAMAZUVA EKUPEDZISIRA

**www.mormon.org**

**Vanhu Vakaita Mifananidzo**
Mufananidzo wekavha yepamberi wakabva panewa: *Wamuka,* naDel Parson. © Del Parson. Usakopa
Peji 11: Mufananidzo wakabva panewa *Kristu ari muGetsemani,* naHarry Anderson
Peji 13: *Wamuka,* naGreg Olsen. © Greg Olsen. Usakopa

© 2012 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA.
Mvumo yeMuchirungu: 11/05. Mvumo yeDudziro: 11/05.
Dudziro ye*The Plan of Salvation.* Shona. 01197 731

SHONA
4 02011 97731 7
01197 731